



COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS
DEPATMAN SANTE MANTAL

ANONS SOU PRATIK KONFIDANSYALITE YO

ANONS SA A DEKRI KI JAN NOU GEN DWA ITILIZE E PATAJE
ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU MENM
AK KI JAN W KA JWENN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO.
TANPRI, BYEN EGZAMINE L

Dat Li Antre Anvigè: 1 Mas 2022

Konfidansyalite

Lalwa leta ak lalwa federal egzije Depatman Sante Mantal la (DMH) pou l asire konfidansyalite ak sekirite 'Enfòmasyon sou Sante ki Konfidansyèl' (PHI) pa w la. PHI gen ladan l nenpòt enfòmasyon sou sante fizik ou osw sante mantal ou, swen sante w resevwa, ak sa w peye pou swen sante w. Enfòmasyon sou swen sante w ou te jwenn nan men lòt pwofesyonèl gendwa fè pati PHI ou a tou.

Lalwa egzije DMH la pou l ba w anons sa a pou fè w konnen ki jan l gendwa itilize e pataje PHI ou e pou fè w konnen ki dwa w genyen anrapò ak bagay vi prive w. Fòk DMH la suiv pratik konfidansyalite ki nan dènye Anons sou Pratik Konfidansyalite a.

Chanjman nan Anons sa a

DMH la gendwa chanje pratik li konn suiv anrapò ak konfidansyalite ak kondisyon ki nan anons sa a nenpòt ki lè. Chanjman yo pral aplikab anvè PHI ou DMH la deja genyen, ni anvè PHI DMH la pral jwenn alavni. Y ap poste dènye anons sou konfidansyalite a nan tout etablisman ak pwogram DMH yo, sou sit wèb DMH la (www.state.ma.us/dmh), epi l ap disponib pou moun ki mande youn.

Ki Fason DMH la GEN DWA Itilize e Pataje PHI Ou

DMH la gendwa itilize PHI ou anndan òganizasyon DMH la epi yo gendwa pataje l andeyò òganizasyon an san otorizasyon w pou rezon ki vin apre yo:

- 1. Pou Tremtan** - DMH la gendwa itilize/pataje PHI avèk doktè, enfimyè, rezidan oswa elèv, ak lòt pwofesyonèl swen sante ki enplike nan swen sante w ak lòt sèvis ki gen rapò ak swen sante w. Y ap itilize PHI ou pou ede devlope plan tretman w ak/oswa plan sèvis ou epi pou fè ti egzamen ak evalyasyon tanzantan. Yo gendwa pataje PHI ou avèk lòt pwofesyonèl swen sante ak founisè swen sante pou jwenn preskripsyon, egzamen laboratwa, konsiltasyon, ak lòt bagay ki nesèsè pou w ka jwenn swen. Y ap pataje PHI ou avèk pwofesyonèl swen sante nan objektif refere w nan lòt sèvis, apre sa pou kowòdone e ba ou sèvis ou jwenn yo.
- 2. Pou Peman** - DMH la gendwa itilize/pataje PHI ou pou yo ka faktire e ranmase peman pou sèvis swen sante ou jwenn. DMH la gendwa pataje kèk pati nan PHI ou bay Medicaid oubyen Medicare oswa yon lòt peyè, yon fason pou detèmine si yo pral fè peman, pou jwenn pri a anvan l apwouve, e pou soutni nenpòt reklamasyon oubyen fakti.
- 3. Pou Fonksyònman Swen Sante** - DMH la gendwa itilize/pataje PHI pou soutni aktivite, tankou planifye pwogram, jesyon, aktivite ki gen rapò ak administrasyon, pou asire

tout bagay fèt byen, pou resevwa e reponn plent, pwogram ki verifye konfòmite (pa egzanp, Medicare, verifikasyon kontablite, fòmasyon ak akreditasyon pwofesyonèl swen sante, ak sètifikasyon ak akreditasyon (pa egzanp, Komisyon Konpoze a).

4. Rapèl pou Randevou - DMH la gendwa itilize PHI ou pou l raple w ou gen yon randevou oswa ki enstriksyon pou w suiv, oswa pou l ba w enfòmasyon sou lòt kalite tretman ak lòt byenfè ak sèvis ki gen rapò ak sante ki gendwa enterese w.

5. Asosye - DMH la gen dwa itilize/pataje PHI avèk kontraktè, ajan, ak lòt asosye ki bezwen enfòmasyon an pou yo ka ede DMH la jwenn peman oubyen fonksyone yon lòt fason kèlkonk antanke biznis. Si DMH la pataje PHI ou avèk yon asosye, DMH la pral gen yon kontra ekri avèk asosye a pou asire li menm tou, li pwoteje PHI ou a.

6. Fanmi ak Zanmi/Chèf Relijye - DMH la gendwa pataje yon kantite limite nan PHI nan objektif ki vin apre yo:

- **Chèf Relijye** – Si w dakò, swa aloral, swa yon lòt fason, yo gendwa pataje nan ki relijyon w mache a avèk chèf relijye yo.
- **Fanmi, Zanmi, ak Lòt Moun** – Si w dakò, oswa si w pa rejte l, yo gendwa pataje PHI ou avèk moun ki enplike nan swen w oswa nan peman pou swen w, si l gen yon rapò dirèk avèk swen w oubyen avèk peman pou swen w te resevwa.

7. Kote Lalwa Egziye l - DMH la gen dwa itilize/pataje PHI lè lalwa egziye sa, tankou pou fè konnen gen yon krim ki te fèt nan lokalite l; ann amoni ak yon lòd yon tribinal pase; pou fè konnen gen abi oubyen neglijan ki te fèt, ak lòt sitiyasyon kote DMH la oblije fè rapò e/oswa pataje PHI ann amoni ak yon lwa oubyen regleman.

8. Pwosè ak Litij - Si w mennen aksyon legal oubyen lòt pwosè kont DMH la oswa kont anplwaye nou yo oubyen ajan nou yo, nou gen dwa itilize e pataje PHI ou pou n defann tèt nou.

9. Lòt Objektif - DMH la gen dwa itilize/pataje PHI ou:

- Pou pwosè ki gen rapò ak responsablite oubyen obligasyon lè DMH se yon pati ladann;
- Pou lòt pwosè jidisyè ak pwosè administratif, si yo ranpli sèten kritè;
- Avèk otorite sante piblik ki resevwa rapò abi oubyen neglijan;
- Nan objektif rechèch, apre nou fin egzamine kesyon an selon sèten kritè byen presi;
- Pou evite yon menas sante ak sekirite ki grav e ki pa lwen rive;
- Avèk moun ki enplike nan swen w pandan yon ijans, si l ranpli sèten kritè;
- Pou prizon si w se yon prizon oubyen si yon ajan fòs lòd arete w; nou gendwa pataje PHI ou avèk ajan prizon yo oubyen ajan fòs lòd yo si sa nesèse pou w ka jwenn swen sante, oswa pou asire sante, sekirite, ak bon lòd etablisman kote yo fèmen w lan;
- Avèk ajan sante piblik ki otorize, nan objektif aktivite sante piblik, tankou kontwòl maladi ak rapòte statistik ki esansyèl;
- Avèk òganizasyon gouvènmantral ki otorize pou yo fè verifikasyon kontablite, envestigasyon, ak enspeksyon etablisman nou yo. Òganizasyon gouvènmantral sa yo kontwòl fonksyonman sistèm swen sante a, pwogram byenfè gouvènmantral yo tankou Medicare ak Medicaid, ak konfòmite avèk pwogram regleman gouvènmantral yo ak lwa dwa sivil yo;
- Pou revandikasyon konpansasyon travayè;
- Pou sèten fonksyon gouvènmantral espesyalize, si l ranpli sèten kritè; ak

- Si sa rive ou mouri, nou gendwa pataje PHI ou avèk detektif medikal, envestigatè medikal, direktè finery, ak sèten òganizasyon ki pran ògàn ak tisi moun.
- Avèk ajan fòs lòd lè yo akize yon moun kòmkiwa li te fè yon krim kont ou, epi moun yo akize a seyon anplwaye yon etablisman oubyen pwogram DMH.

Itilizasyon/Pataj ki Mande Otorizasyon Ekri

DMH la oblije gen yon otorizasyon ekri nan men w oswa nan men reprezantan w ki gen otorizasyon legal pou l reprezante w, si yo vle itilize/pataje PHI ou andeyò tretman, peman, ak fonksyonman swen sante, sof si youn nan eksepsyon ki pi wo yo aplikab. Ou gendwa anile yon otorizasyon nenpòt ki lè, depi w fè sa alekri. Si w anile l, w ap anpeche yo itilize/pataje alavni, men l pap afekte sa DMH te deja itilize/pataje sou baz otorizasyon w te bay la.

Otorizasyon obligatwa pou pifò itilizasyon ak pataj nòt sou sikoterapi (sa yo se nòt sèten pwofesyonèl sante konpòtmantal yo pran ki anrejistre randevou w genyen avèk yo; yo pa nan dosye medikal ou a), sèten enfòmasyon sou pwoblèm avèk dwòg, tès VIH oswa rezilta tès, ak sèten enfòmasyon jenetik, menmsi yo t ap pataje enfòmasyon an nan objektif tretman, peman, oswa fonksyonman swen sante, jan n di sa pi wo a.

Byenke kalite itilizasyon/pataj nou site annapre a pa konsènen DMH, nou oblije fè w konnen nenpòt lè DMH ta itilize oubyen pataje PHI ou pou fè maketing ki pral fè DMH la jwenn rekonpans finansye, fòk yo jwenn otorizasyon w pou sa. Menm jan an tou, pou vann PHI, fòk DMH la ta jwenn yon otorizasyon. DMH la pap itilize oswa pataje PHI ou nan objektif sòlve fon.

Dwa w genyen Anrapò ak PHI Ou

Ou menm oswa reprezantan w ki gen otorizasyon legal pou l reprezante w, gen dwa pou ou:

- Mande pou DMH la itilize yon adrès oubyen nimewo telefòn presi pou yo kontakte w. DMH la pral eseye akòde tout demann ki rezonab.
- Jwenn, si w mande yo sa, yon kopi papyè anons sa a oswa nenpòt revizyon yo fè nan anons sa a, menmsi ou dakò resevwa yon kopi elektwonik.
- Gade epi mande yon kopi PHI yo itilize pou pran desizyon sou swen w resevwa. Lè dosye yo elektwonik, ou gen dwa mande yon kopi elektwonik. Gendwa gen restriksyon sou dosye w yo nan sikonstans limite. Si DMH la refize demann ou fè a, swa tout demann nan, swa yon pati ladan l, ou gendwa mande yo egzamine refi a. Yo gendwa mande w frè pou yo fè kopi e pou yo ekspedye l pou ou. Nòmalman, DMH la pral reponn demann ou fè nan yon espas 30 jou. Si yo bezwen plis tan pou yo reponn ou, DMH la pral fè w konn sa nan espas 30 jou a, y ap fè w konnen pou ki rezon gen reta, epi y ap endike ki lè w ap jwenn repons final la pou demann ou fè a. **Fòk demann konsa fèt alekri.**
- Mande yo fè adisyon oubyen kòrèksyon nan PHI ou. DMH la pa oblije dakò avèk yon demann konsa. Si yo pa akòde demann ou an, DMH la pral di w poukisa alekri nan yon espas 60 jou, epi l pral fè w konnen ki dwa presi w genyen nan ka sa a. Si yo bezwen plis tan pou yo reponn ou, DMH la pral fè w konn sa nan espas 60 jou a, y ap esplikè w pou ki rezon gen reta, epi y ap endike ki lè y ap ba w repons final la pou demann ou fè a. **Fòk demann konsa fèt alekri.**
- Mande yon kontrandi sou sa yo te pataje (jiska 6 an ki sot pase yo), sa gen ladan l, ann amoni ak lwa ki aplikab yo, sèten lòt moun oubyen òganizasyon DMH te bay PHI ou ak poukisa. Yon kontrandi pap gen ladan l pataj enfòmasyon kote: (1) se avèk ou menm oswa reprezantan w yo te pataje yo; (2) se ou menm ki te otorize oswa apwouve yo; (3) yo te fè l nan objektif tretman, peman, ak fonksyonman swen sante; epi (4) se lalwa ki te egzije yo fè sa. Nòmalman, DMH la pral reponn demann ou fè a nan yon espas 60 jou. Si y ap bezwen plis tan pou yo reponn ou, DMH la pral fè w konn sa nan espas 60 jou a, y ap esplikè w pou ki rezon gen reta, epi y ap endike ki lè

- y ap ba w yon repons final pou demann ou fè a. **Fòk demann konsa fèt alekri.**
- Mande DMH mete restriksyon sou fason l itilize oubyen pataje PHI ou. DMH la pa oblije dakò ak jan de restriksyon konsa, sof si ou menm, oswa yon lòt moun ki t ap ajè pou ou, te peye tout fakti a pou yon sèvis oubyen yon kalite swen sante ak lajan pa w, nan ka sa a DMH la pral dakò pou yo pa pataje PHI ou ki gen rapò ak sèvis sa a oswa bagay sa a sèlman avèk plan sante w nan objektif peman oswa fonksyonman swen sante, sof si DMH la oblije pataje PHI sa a dapre lalwa. **Fòk demann konsa fèt alekri.**

Pou fè demann ki pi wo yo, ou gen dwa depoze yo alekri bay nenpòt etablisman oubyen biwo DMH.

Konsève Dosye

Y ap konsève dosye pa w la pou yon minimòm 20 an depi dènye dat ou te resevwa sèvis nan men DMH la nan yon etablisman pou pasyan ak/oswa depi DMH te ba w sèvis kominotè. Apre peryòd tan sa a, yo gen dwa detwi dosye w.

Vyolasyon PHI

DMH la pral fè w konnen si gen nenpòt vyolasyon parapò ak PHI ou ki pa t sekirize.

Konfòmite

Si w panse yo te vyole konfidansyalite w oswa dwa w anrapò ak konfidansyalite, oswa si w vle depoze yon plent, ou gen dwa kontakte: Ajan Konfidansyalite DMH la, Depatman Sante Mantal, 25 Staniford Street, Boston, MA 02114, Imèl:

DMHPrivacyOfficer@MassMail.State.MA.US, Telefòn: 617-626-8160, Faks: 617-626-8242.

Fòk ou fè plent konsa alekri.

Mete sou sa, ou gen dwa depoze yon plent bay Sekretè Sante ak Sèvis Imen an, Biwo pou Dwa Sivil, U.S. Depatman Sante ak Sèvis Imen an, JFK Federal Building, Room 1875, Boston, MA. 02203.

Pèsonn pa gen dwa vanje kont ou poutèt ou depoze yon plent oswa poutèt ou te egzèse dwa w genyen yo, jan n dekri yo nan anons sa a.

Kòdone pou Konfidansyalite

Si w vle jwenn plis enfòmasyon sou pratik konfidansyalite DMH yo, oswa si w vle egzèse dwa w genyen yo, ou gendwa kontakte: Ajan Konfidansyalite DMH la, Depatman Sante Mantal, 25 Staniford Street, Boston, MA 02114, Imèl: DMHPrivacyOfficer@MassMail.State.MA.US, Telefòn: 617-626-8160, Faks: 617-626-8131. Fòk plent konsa fèt alekri.

Mete sou sa, ou gen dwa kontakte yon ajan dosye medikal nan yon etablisman DMH (konsènan dosye ki gen nan etablisman sa a), yon direktè pwogram DMH (konsènan dosye ki pou pwogram sa a), biwo chantye w la (pou dosye jesyon ka), oswa ajan dwa moun ki nan etablisman w oswa pwogram ou, pou w jwenn plis enfòmasyon ak èd.

Kòdone pou Kontakte DMH

Si w vle jwenn lòt enfòmasyon (ki pa gen rapò ak konfidansyalite) sou DMH la ak sèvis li ofri yo, ou gen dwa kontakte: Enfòmasyon DMH, Depatman Sante Mantal, 25 Staniford Street, Boston, MA 02114, Imèl: dmhinfo@state.ma.us, Telefòn: 800-221-0053, Faks: (617) 626-8131.

Epitou, ou gen dwa kontakte pwogram DMH ou a, ajan chantye w la, oswa ajan dwa moun nan dirèkteman nan etablisman w oswa nan pwogram ou, pou w jwenn plis enfòmasyon oubyen èd.